

Enstriksyon sou Naloxone (Narcen) pou Otèl Izòlman ak Karantèn Vil New York yo pandan Epidemi COVID-19 la

Lanmò akòz òvèdòz opyoyid yo rete yon kesyon enpòtan pandan epidemi maladi kowonavirus 2019 (COVID-19) la. Moun ki nan izòlman oswa karantèn nan otèl yo ta kapab anba yon risk òvèdòz opyoyid anplis kòm rezilta:

- Dèske yo deplase sòti nan anviwònman nòmal yo a
- Izòlman ak rezo sosyal yo
- Estrès anplis
- Chanjman nan tolerans pou dwòg akòz chanjman nan aksè ak medikaman oswa dwòg yo

Naloxone se yon medikaman san danje ki kapab sove lavi yon moun nan envèse efè yon òvèdòz opyoyid. Li sèlman mache pou opyoyid yo, tankou ewoyin, preskripsyon pou kalman yo ak fentanyl, men li san danje pou itilize menm si opyoyid yo pa prezan. Naloxone disponib pou nenpòt moun ki vle li.

Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil New York (New York City Department of Health and Mental Hygiene, [Depatman Sante Vil New York] NYC Health Department) konseye pou tout otèl izòlman ak karantèn yo genyen Kit Sekou pou Òvèdòz yo avèk naloxone sou plas sizoka genyen ijans ki gen rapò ak opyoyid. Yo prevwa enstriksyon sa yo pou ajans gouvènman ak pèsònèl founisè kontrakyèl yo ki ap jere oswa ofri sèvis nan otèl izòlman ak karantèn yo.

Kit Sekou pou Òvèdòz yo nan Otèl Izòlman ak Karantèn yo

Ki sa yon Kit Sekou pou Òvèdòz ye?

Chak kit ki soti nan Depatman Sante Vil New York la gen ladan de (2) gan ki pa gen latèks, de (2) dòz espre nazal naloxone, yon pake enstriksyon an Espanyòl ak Anglè sou fason pou reponn ak yon òvèdòz, ak yon boukliye pou figi pou reyalize respirasyon sekou yo.



Ki kote yo ta dwe kenbe Kit Sekou pou Òvèdòz yo?

Plase yon kit nan yon pozisyon enpòtan nan chak etaj kote vizitè yo nan izòlman oswa karantèn lan. Yo ka kenbe kit anplis yo bò kote pèsònèl la oswa nan biwo resepsyon an. Plase kit yo nan menm pozisyon sou chak etaj (pa egzanp, toupre asansè yo oswa eskalye yo, toupre defibrilatè ekstèn otomatik yo). Avèti tout pèsònèl ak vizitè yo kote yo ka jwenn kit naloxone yo. Mete enstriksyon yo ansanm avèk kit yo, epi afiche yon kopi fèy enstriksyon ki gen yon paj la toupre kit yo.

Ki moun kapab itilize yon kit naloxone?

Nenpòt moun — gen ladan pèsònèl sipò medikal la, lòt pèsònèl ak vizitè pwogram lan — kapab itilize yon kit naloxone pou reponn ak yon òvèdòz opyoyid.

Ki fòmasyon ki nesèsè pou moun kapab administre nalaxone?

Lè yo ap livre kit nalaxone yo, mesajè Depatman Sante Vil New York yo pral fòme nenpòt pèsònèl medikal oswa lòt pèsònèl sipò yo ki sou plas. Chak kit nalaxone genyen avèk li yon fèy enstriksyon an plis ki gen yon paj ki rezime etap yo pou reponn ak yon òvèdòz pandan pandemi COVID-19 la. Nan fen peryòd travay yo a, pèsònèl yo kapab fòme rapidman kòlèg travay ki ap vini yo oswa ba yo enstriksyon pou yo revize fèy enstriksyon an. Pa gen okenn egzijans pou fòme vizitè yo, men yo ta dwe kenbe enstriksyon pou itilizasyon yo avèk kit yo. Nalaxone san danje epi li fasil pou itilize.

Kisa ajans mwen an ta dwe fè si nou bezwen plis kit nalaxone?

Voye yon imèl bay naloxone@health.nyc.gov pou avize Depatman Sante Vil New York la si nalaxone fini, oswa pou mande lòt kit anplis.

Ki pwoteksyon kont responsabilite ki disponib pou moun ki itilize nalaxone?

Anba [Seksyon 3309 Lwa Sante Piblik \(Public Health Law Section 3309\)](#) la, nenpòt moun ki reponn ak yon òvèdòz genyen pwoteksyon kont responsabilite sivil, kriminèl ak administratif, depi li ap aji yon fason ki rezonab ak nan bon fwa. [Lwa Bon Samariten 911 Eta New York \(New York State 911 Good Samaritan Law\)](#) la ofri tou pwoteksyon kont pouwit jidisyèl ni pou moun ki rele 911 lan ak moun ki te fè òvèdòz pou posesyon jiska 8 ons estipefyan, alkòl (pou moun ki bwè ki minè yo), kanabis (kèlkeswa kantite), enfraksyon sou akseswa (paraphernalia) ak kèlkeswa enfraksyon sou lavant yo. Li pa bay pwoteksyon legal eksplisit pou vyolasyon pwobasyon oswa libète kondisyonèl, vyolasyon manda darè yo oswa kesyon ki gen rapò ak imigrasyon oswa byennèt timoun.

Si ou genyen nenpòt kesyon, silvouplè voye yon imèl bay naloxone@health.nyc.gov. Pou ou jwenn plis enfòmasyon, vizite nyc.gov/health epi chèche "[naloxone](#)".

Depatman Sante Vil New York gendwa chanje rekòmandasyon yo pandan sitiyasyon an ap evolye. 5.12.20